



# Alo tout paran! Prepare nou!

Pandemic EBT ki gen sig li P-EBT – ede fanmi yo achte pwovizyon pou fè manje pou timoun yo genyen ki ap etidye an lign (sa vle di lakay yo) pandan peryòd pandemi COVID la. Lajan sa disponip pou jouk rive mwa Septanm 2021 pou kèk etidyan. Leta ap travay sou yon plan pou distribiye lajan sa nan mwa ki ap vini yo.

*Pran benefis pwogram P-EBT sa pap afekte afè imigrasyon pèsòn!*

**Se sèl etidyan ki apwouve pou resevwa manje pou granmesi nan lekòl yo, (Free/low cost school meal) nan pwogram nasyonhal pou bay manje nan lekòl yo ki va kalifye pou P-EBT.**

**Pou kapab kalifye pou lajan sa lè li va vinn disponib, paran yo ak lòt moun ki reskonsab timoun yo dwe:**

- Ranpli yon aplikasyon pou manje yo bay lekòl, si ou poko apwouve oubyen ale nan yon lekòl ki bay manje gratis pou tout etidyan (CEP). Fanmi ki te pèdi travay yo, oubyen ki vinn gen mwens revni dwe aplike ankò anka ke yo ta vinn kalifye. Kontakte lekòl kote timoun ou yo ale pou mande yon aplikasyon.
- Si timoun ou yo kalifye pou resevwa manje gratis, ale verifiye nan distri lekòl timoun ou yo pou konnen pou fè sèten ke adrès ak dat nesans timoun ou yo kòrèk.

**Sonje ke ou kapab toujou resevwa manje yo bay lekòl yo gratis sidistri ou la ap distribiye manje gratis pandan peryòd pandemi a.**

A Program of  
Center for Food Action

**Hunger Free  
New Jersey**

*Fueling Change. Feeding All.*

**Pou plis enfòmasyon, vizite: [njsnap.gov](https://njsnap.gov).**